

**ULANGAN HARIAN 1 BAHASA JAWA
KELAS VII SEMESTER I TAHUN 2018/ 2019**

Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d!

1. Mesthi wae para siswa iku durung tepung siji lan sijine. Tembung *tepung* tegese....
a. kenal b. kerep c. ketemu d. kepethuk
2. Kang ora kalebu mumpangate tetepungan yaiku....
a. ngerti jenenge wong kang diajak guneman.
b. ngerti alamate wong kang diajak guneman
c. nambah rumaketing kekancan
d. nambah ruweting pikiran
3. Kepiye wangsulan basa Kramane yen ana pitakonan “Sapa jenengmu?”...
a. jenengku Siti Hajar c. Nama kula Siti Hajar
b. Asma kula Siti Hajar d. Jeneng kula Siti Hajar
4. Kepiye wangsulan basa Kramane yen ana pitakonan “Ngendi omahmu?”
a. Omah kula Sanden Bantul c. Dalem kula Sanden Bantul
b. Griya kula Sanden Bantul d. Dalemku Sanden Bantul
5. Aisyah arep takon jenenge guru Basa Jawa, becike kepiye anggone matur?
a. “Namanipun ibu sinten?” c. “Asmane ibu guru sinten?”
b. “Namine ibu guru sinten?” d. “Asmanipun ibu guru sinten?”
6. Falah arep takon omahe ibu guru, kepiye anggone matur?
a. “Griyane ibu guru pundi?” c. Daleme ibu guru pundi?”
b. ”Griyanipun ibu guru pundi?” d. Dalemipun ibu guru pundi?”
7. Jenenge ibu kepala sekolah ibu Fatimah. Ukara iku menawa dikramakake kang trep dadi....
a. Jenengipun ibu kepala sekolah ibu Fatimah.
b. Namanipun ibu kepala sekolah ibu Fatimah.
c. Naminipun ibu kepala sekolah ibu Fatimah.
d. Asmanipun ibu kepala sekolah ibu Fatimah.
8. Ibu Zahra omahe Perumahan Sawit Asri. Ukara iku menawa dikramakake dadi....
a. Ibu Zahra omahipun Perumahan Sawit Asri.
b. Ibu Zahra griyanipun Perumahan Sawit Asri.
c. Ibu Zahra daleme Perumahan Sawit Asri.
d. Ibu Zahra dalemipun Perumahan Sawit Asri.
9. Ukara ing ngisor iki kang bener unggah-ungguhe yaiku....
a. Namane bapakku Pak Bambang.
b. Griyane Bu Atika ing Jati Tegalmulya.
c. Simbah nembe tilem siyang.
d. Saderengipun adus kula ngrencangi ibu.
10. Ukara ing ngisor iki endi kang bener unggah-ungguhe?
a. Simbah diparingi dhaharan dening ibu.
b. Ibu nembe tumbas gendhis wonten wande.
c. Bapak kesah dhateng Semarang.
d. Aku mangkat sekolah nganggo sepedhane mas Panji.

